

Kesyon yo poze souvan (FAQs an anglè) sou Kowonaviris (COVID-19) la

Pran distans fizik (yo rele l tou Pran distans sosyal)

- *Kisa pran distans fizik la ye ?*
 - Pran distans fizik la se kite omwen 6 pye ant oumenm ak moun nan / moun yo ki bò kote w yo. Li gen ladan l evite rasanble an gwoup epi pa rete kote k gen anpil moun. Ou dwe pran distans fizik la nan travay ou ak lè w pa nan travay.
- *Pou kisa pran distans fizik la enpòtan ?*
 - Pran distans fizik la diminye chans pou w pran yon enfeksyon COVID-19 nan men yon moun ki gen COVID-19. Sa enpòtan paske kèk moun ki gen yon enfeksyon COVID-19 ka bay lòt moun enfeksyon an menm anvan yo kòmanse santi yo malad.
- *Èske m bezwen pratike pran distans fizik la menm si m pa gen okenn sentòm enfeksyon oswa moun ki bò kote m nan pa gen okenn sentòm ?*
 - Wi, kèkfwa moun ki fèk pran COVID-19 la pa gen okenn sentòm, men yo ka toujou bay lòt moun enfeksyon an. Se poutèt sa li vrèman enpòtan pou w pratike pran distans fizik la tout tan.
- *Èske m bezwen pratike pran distans fizik la tout kote ?*
 - Li enpòtan pou w pratike pran distans fizik la tout kote l posib apa lakay ou. Sa gen ladan: rete tann yon asansè ki pa gen anpil moun ladan l, kite espas ant oumenm ak lòt moun nan eskalye yo, nan eskalye elektrik yo epi epapiye kò nou lè n ap itilize evye nan twalèt yo. Sa enpòtan sitou lè w pa gen yon mask nan figi w tankou lè w ap manje yon repa.
- *Souvan, se nan menm machin mwen al travay oswa sot travay avèk kòlèg mwen yo. Kijan m ka fè sa san danje ?*
 - Chwa ki pi bon an se vwayaje nan machin ou poukont ou. Men, si w pa gen chwa sa a, rekòmandasyon yo fè a se pou w mete yon mask. Lè ou prale lakay ou nan machin avèk lòt moun lè w fin travay, ou kapab mete mask yo te ba w nan travay la si li pwòp. Ou ka itilize yon mask ou te fè lakay ou oswa mande manadjè w la pou ba w yon mask chirijikal ki pwòp. Epitou, Li rekòmande pou w mete yon mask lè w ap retounen nan travay la tou nan machin ak lòt moun.

Pòz pou pran repa yo

- *Èske li ok pou m manje ak bwè avèk kòlèg mwen yo nan chanm nou pran pòz la san m pa met mask ?*
 - Non, li pa bon pou sekirite w pou w manje oswa bwè nan entèval 6 pye ak okenn moun kòm ou pa gen mask nan figi w. Tanpri, pa pran menm lè pòz ak kòlèg ou yo. Chèche yon kote pou w manje poukont ou oswa chita nan yon distans omwen 6 pye ak lòt moun yo.

- Li enpòtan tou pou w asire w nenpòt kote moun ap pase tan san mask sipè pwòp regilyèman.

Èske w gen sentòm kowonaviris la (COVID-19) ? Tanpri, rete lakay ou.

- *Ki sentòm COVID-19 la ?*
 - Lafyèw oswa santi w pral gen lafyèw.
 - Malgòj
 - Tous
 - Nen bouche oswa nen k ap koule larim
 - Doulè nan vyann kò a
 - Pèt kapasite w pou w pran sant
 - Souf kout
 - Dyare
- *M te gen sentòm COVID-19 la, men yo te lejè. Èske m ka toujou al nan travay ?*
 - Non, tanpri pa al nan travay si w gen nenpòt nan sentòm COVID-19 la, menm si yo lejè. Tanpri rele Sant Apèl Sante COVID-19 la pou Anplwaye yo nan 617-724-8100 pou w diskite pou yo fè tès COVID la pou ou. Si w kòmanse santi w malad pandan w ap travay la, fè manadjè w la konnen, al lakay ou epi rele Sant Apèl Sante COVID-19 pou Anplwaye yo.
- *Si yo fè tès COVID-19 la pou mwen, èske y ap toujou peye m ?*
 - Wi, si yo fè tès la pou ou oswa tès COVID-19 ou a pozitif, y ap toujou peye menm si w p ap travay epi yo p ap retire nan lè avantaj ou yo. Epiou, tout lòt avantaj ou genyen yo ap rete menm jan yo te ye a.

Règleman pou netwaye chanm san danje

- *M bezwen netwaye yon chanm ki te gen yon pasyan ki te sou prekosyon pou COVID-19. Gen mwens pase 45 minit depi pasyan an te kite chanm nan. Èske m dwe mete yon mask chirijikal oswa yon N95 ?*
 - Si gen mwens pase 45 minit depi pasyan an kite chanm nan, alò wi, ou dwe mete yon mask N95 nan chanm pasyan an. Ou dwe mete lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl tankou yon wòb pou pwoteksyon, gan ak ekipman pou pwoteje zye w (ekran nan figi w oswa linèt pou pwoteksyon).
 - Asire w ou swiv pwotokòl Brigham yo sou jan pou w mete ak retire ekipman pwoteksyon pèsònèl yo san danje.

Pwoteje tèt ou ak fanmi w

- *Kisa m ka fè pou ede m pwoteje tèt mwen ak fanmi m ?*
 - Lave men w souvan ak savon ak dlo oswa ak dezenfektan pou men nan travay la ak lakay ou.
 - Evite touche figi w otank posib sitou si men w pa pwòp.

- Mete yon mask lè w ap sot lakay ou. Sa se yon nouvo rekòmandasyon Gouvènè Baker fè apati 10 avril 2020. Si w bezwen yon mask lè w pa nan travay la, fè manadjè w la konnen.
- Si yon moun ki rete lakay ou malad oswa li pozitif pou tè COVID-19 la, ou pa dwe pase tan oswa dòmi nan menm chanm ak moun sa a.
- Ou ka jwenn kèk lòt ti konsèy sou kijan pou w pwoteje tèt ou nan sitwèb CDC a : <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/index.html>.
- Tanpri, nou vle w konnen depi w pa gen sentòm COVID-19 la, ou ka kontinye travay.
- *Yon moun nan fanmi m malad epi m enkyete li ka gen COVID-19. Èske yo ka fè tè la pou li ?*
 - Wi, yo ka fè tè la pou li nan Brigham. Brigham ap fè tè la pou tout moun malad ki rete lakay nenpòt moun ki ap travay nan yon zòn klinik. Tanpri rele liy pou Enfimyè COVID-19 Partners la nan nimewo 617-724-7000 pou fè aranjman pou tè la.